

## AFL-CIO 2006

# Pwogram pou pwoteksyon elektè

---

### Gen twòp bagay ki an je 7 novanm...

VÒT OU LE 7 NOVANM pral detèmine si fanmi k ap travay yo gen bon jan djòb, swen medikal ki abòdab, edikasyon, dwa nan kote y ap travay la, sekirite nan travay, dwa sivil, sekirite retrèt ak anpil lòt bagay ankò.

### ...Pou kite yo vòlè eleksyon an ankò.

Vyolasyon DWA VÒT DE FASON ENTANSYONÈL nan tout peyi a nan ane 2000 ak 2004 te vòlè vòt demilye fanmi k ap travay, moun ki gen lòt koulè, moun ki nan retrèt, moun ki gen andikap, nouvo sitwayen elektè ak moun pòv yo. Annou asire sa pa rive ankò nan ane 2006 lan.

### Aji kounye a pou pwoteje vòt ou.

PRAN KÈK ETAP KI TRÈ SENP kounye a pou ka asire vòt ou a san danje, li an sekirite epi yo konte l le 7 novanm :



- Kontakte biwo eleksyon lokal ou a pou ka tyeke si ou anrejistre pou vote epi chèche konnen ki kote ou sipoze vote. Anrejistre toutsuit si w poko fè sa. Li fasil pou anrejistre sou entènèt nan [www.votenov7.org](http://www.votenov7.org) kote ou ka mande yon bilten vòt pa korespondans.
- Si w pa resevwa yon kat anrejistreman sou twa semèn aprè w fin anrejistre, rele biwo eleksyon an pou wè si gen yon pwoblèm. Si ta gen yon pwoblèm, suiv enstriksyon yo baw pou korije pwoblèm lan oswa anrejistre ankò.
- Li patikilyèman enpòtan pou tyeke anrejistreman w lan oswa anrejistre ankò si w te demenaje, si w te chanje non w oswa ou pa t vote nan eleksyon ki te fèt resamman yo.
- Chèche konnen si w ka vote bonè. Si yo pèmèt moun vote bonè nan kominote w lan, se pou fè sa.
- Tyeke ak biwo eleksyon lokal ou an pou wè si pa gen ankenn nouvo pwosedi oswa kondisyon pou kat didantifikasyon ak opòtinite pou fè pratik sou machin pou vote yo.

---

Pou plis enfòmasyon, kontakte sendika w lan oswa Depatman Dwa Sivil, Imen, ak Fanm AFL-CIO a, 815 16th St., N.W., Washington, D.C. 20006, oswa pa imèl nan [votingrights@afcio.org](mailto:votingrights@afcio.org).

**Lab**  **r2006**